

# Kisa TB ye ?

« TB » se diminitif yon maladi ki rele tibèkiloz. TB pwopaje apatide nan ti jèm miniskil ki ka flote nan lè a. Lè yon moun ki gen maladi TB a touse, estène oubyen pale fò yo ka esprè jèm sa yo nan lè a. Si yon lòt moun respire jèm sa yo, moun sa a ka trape tibèkiloz la (TB). TB ka fè ou santi fatige, gen latous, lafyèy epi transpire pandan lannwit. Majorite moun kwè ke TB ka sèlman aji sou poumon ou yo. Malgre ke 70% nan moun ki enfekte ak TB gen jèm yo nan poumon yo, TB ka gen efè tou sou lòt kote nan kò a tankou zo, sèvo ak ren.



Kèk moun ka gen jèm TB a nan kò yo, men yo ka pa santi yo malad. Se sa ki rele enfeksyon TB. Gen lòt moun ki ka santi yo malad, kifè yo gen maladi TB a.

## Ki diferans lan ant enfeksyon TB ak maladi TB a ?

### ENFEKSYON TB « TB kap dòmi »

- Jèm TB yo ap dòmi nan kò a. Sa ka dire anpil tan, kèk ane menm.
- Moun lan pa parèt pou li malad epi li ka pa santi li malad. Radyografi pwatrin lan nòmal an jeneral.
- Moun lan pa ka pwopaje maladi a bay lòt moun.
- Medikaman ki pran kounye la ap anpeche moun lan ki gen enfeksyon TB a tonbe malad nan lavni.

### MALADI TB « TB aktif »

- Jèm TB yo reveye epi yap pwopaje nan kò a.
- Moun lan santi li malad ak yon latous, lafyèy epi/oubyen li pèdi pwa. Doktè a ka fè tès pou dekouvri kote jèm yo ye nan kò a.
- Si jèm TB a nan poumon yo, moun lan ka pase jèm lan bay lòt moun lè li etène oubyen touse.
- Medikaman ka geri maladi TB a.

## Kijan mwen ka fè konnen si mwen enfekte ak TB ?

Yon ti tès po senp ka kite ou konnen si ou gen jèm TB a nan kò ou. Yon tès pò pou TB ki pozitif vle di an jeneral ke ou gen jèm TB a. Ou ka bezwen fè lòt tès siplemantè tankou yon radyografi Lestomak oubyen yon tès krache (flèm).

## Sa kap rive si mwen gen TB ?

Ou ka pran medikaman pou ou ka rete an bòn sante. TB ka geri. Men si ou pa pran medikaman an, TB ka fè ou santi malad anpil. Menm si ou santi mye yon fwa ou kòmanse pran medikaman an **pa sispann** pran grenn yo jistan doktè oubyen enfimyè a di ou sispann. Si ou sispann pran medikaman twò bonè, jèm TB a ka tounen epi lap pi difisil anpil pou konbat.



KREYÒL



BPHC, TB Clinic, BMC Yawkey Bldg. 3<sup>rd</sup> Floor  
850 Harrison Ave.  
Boston, MA 02118

Telefòn: (617) 534-4967 (Randevou)  
(617) 534-4875 (Enfimyè)

Updated 02/05